ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№64 (22.472) ● 2013 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 10, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ЗэпыщIэныгъэр ягъэбыдэ

●Ди хьэщIэхэр

ХьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ.
Сурэтыр **КЪАРЕИ Элинэ** *трихащ.*

КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен блыщхьэ кIуам яIущIащ Ленинград областым и Хабзэуэбзыку зэхуэсым и лIыкIуэхэм. Ищхьэрэ кьалащхьэм къикIа хьэщIэхэр ди республикэм махущкIэ щыIэнущ.

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым Къанокъуэ Арсен жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ленинград областымрэ гуапагъэрэ ныбжьэгъугъэрэ я зэхуаку дэлъу кьызэрызэдекIуэкIыр: «Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм КъБР-м щыщ щIалэхэр Дзэ Плъыжьым хэту Ленинград блокадэм лIыгъэ щызэрахьауэ щытащ. Нобэ дирижер цIэрыIуэ, Санкт-Петербург щылажьэ, щыпсэу Темыркъан Юрэ ди лъахэм и пщIэр еIэт, а областым и мызакъуэу, къэралми, дунейми щыпсэухэр игъэгуфIэу».

Къанокъуэм хьэщIэхэр щигъэгъуэзащ ди республикэм и экономикэмрэ инвестпроектхэмрэ я Iуэху зыIутым. «Дэ дыхущIокъу ди къэкIуэнум кьызэсэбэпын хуэдэу экономикэ Iуэхухэр зэфIэтхыну, - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм. - Нэхъыщхьэр пIалъэ кIэщIым хухэха Iуэхур зэфIэбгъэкIыныр аракъым, атIэ абы кьрикIуэр адэкIи щхьэпэн хуейщ, къапщтэ знафэмкIэ жэуапымыгъэ пхьыжьпхъэщ».

Бысымхэмрэ хьэщIэхэмрэ куэдым тепсэлъыхьащ, абыхэм ящыщт щIы Iуэхухэр. Ленинград областым кьикIахэм къагъэлъэгъуащ я щIыр Iыхьэ-Iыхьэу ягуэша щхьэкIэ, фейдэшхуэ кьызэрыпэмыкIуар. ЗэIущIэм хэтхэм я гугъу ящIащ Санкт-Петербургрэ Ленинград областымрэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызэгъэгъуэтыным, туризмэм зегъэужьыным, щIыналъэхэм я щэнхабзэхэр зыгъэлъагъуэ гупхэр зэкIэлъыкIуэным, нэгъуэщIхэми.

Ленинград областым и Хабзэубзыку зэхуэсым и Iэтащхьэ Бабенин Сергей кьыхигъэщащ нарзан псы къыщIэжьыпIэм щыIэну зэрыхунэсар: «Фэ цIыхухэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэнымкIэ Iэмал хъарзынэхэр фIIащ. Ленинград областым щыщхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым узыншагъэм щеIэзэ и Iуэхущ Iапэхэм къакIуэу зэтеублэным егупсысын хуейщ», - жиIащ абы.

Мы махуэхэм хьэщIэхэм районхэм я псэукIэр зрагъэлъагъу, апхуэдэуи Iуащхьэмахуэ лъапэ зыщрагъэпIыхьыжьыщ.

ЛIыкIуэхэм яхэтщ Ленинград областым и Хабзэубзыку зэхуэсым и Iэтащхьэм и къуэдзэ Олейник Юрий, агропромышленнэ, мэкъумэш IуэхухэмкIэ щыIэ комиссэм и Iэтащхьэ Хабаров Иван, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ комиссэм и унафэщI Пустотин Николай, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсныныхьэ-энергетикэм IуэхуэсмкIэ комиссэм и тхьэмадэ Жирнов Геннадий, «Зауэгъэ здэщыIэ Урысей» фракцэм и Iэтащхьэ Перминов Александр, аппаратым и унафэщIым и япэ къуэдзэ - Ленинград областым и Хабзэубзыку зэхуэсым хабзэмкIэ и управленэм и Iэтащхьэ Коваленкэ Андрей сымэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапэ.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Зыужьыныгъэм папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и унафэкIэ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Хьэсанэ Руслан министр гуп и гъуэгу лэжьыгъэ IуэхукIэ Москва щыIэп. Ахэр йолажь 2016 гъэ щIондэ ягъэхьэзыра зыужьыныгъэ федеральнэ программэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрыхэтыну щIыкIэхэр убыхуным.

ХьэСАНЭ Руслан зэрыжиIамкIэ, федеральнэ программэхэм хэтыным и пIалъэр ди республикэм фIыуэ ещIэ. Зыужьыныгъэ федеральнэ программэхэм хэткIэрэ ди лъахэм мылъку хьарзынэ кьыIэрыхьащ федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу.

Иджыри апхуэдэ зэгурыIуэныгъэхэр зэращIылIэ унэзэтехэр зэгъэпэщыжыным, агропромышленнэ Iуэхум зегъэужьыным, школыщIэхэр ухуэным, узыншагъэр хьумэн Iэнатlэр ипэкIэ гъэкIуэтэным ехьэлIауэ.

ШЫПШ Даянэ.

●КъБР-м и Правительствэм

Налшык къыдекIуэкI гъуэгум щыщ Iыхьэр мы гъэм хьэзыр хъунущ

КъБР-м и Правительствэм зэхъуэкIныныгъэхэр хилъхьащ 2013 гъэм гъуэгу лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIыным теухуа программэм.

КъБР-м транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр Дыщэкl Аслъэн кьыз эрыджиIамкIэ, апхуэдэ зэхъуэкIныныгъэхэр кьызыхэкIар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и деж щрагъэкIуэкIа зэIущIэм и протоколым тету хэщIхэмкIэ статьяхэм зэрыхэплъэжарщ, апхуэдэу «Урысей Ипщэ (2008 - 2013 гъэхэм)» федеральнэ программэ хэхар гъэзэщIэным хуэунэтIауэ 2013 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым субсидиехэр кьыхъуэутIыпщынымкIэ УФ-м Автомобиль транспорымкIэ и министерствэм зэгурыIуэныгъэ зэрыращылIарщ.

Нартан - Iэдиихуэ автомобиль гъуэгур, абы хиубыдэу Налшык псым тельыну лъэмыжкIыр яухуэным и пIэкIэ гъуэгу лэжьыгъэхэм я программэм хагъэхуэ Налшык кьалэм кьыдекIуэкI гъуэгум и Щхьэлыкъуэ - Нартан Iыхьэу километри 2,5-рэ хъур. Абы трагъэкIуэдэну сом мелуан 60,43-р республикэ бюджетым кьиутIыпщынущ. А лэжьыгъэр 2013 гъэм и еплIанэ кварталым зэфIагъэхIыну кьапэщытщ. Апхуэдэу гъуэгу лэжьыгъэхэм 2013 гъэм трагъэкIуэдэну ахъшэм щыщу сом мелуан 410,08-р федеральнэ бюджетым, сом мелуан 93,76-р республикэ бюджетым кьыхэкIынущ.

ХЬЭПЭ Маринэ.

● Хъыбар гуапэ

Каринэрэ Полинэрэ я ехъулIэныгъэшхуэ

«Акъыл+Дахагъэ=Студент» дунейпсо ныбжьыщIэ зэпеуэм и кIэух зэхьыхьэр Санкт-Петербург иджыблагъэ щекIуэкIащ. Иджырей студенткэм, фIыуэ еджэм, дахэм икIи акъылыфIэм, и образ екIур уфэзыхырщ зэпеуэм и къызэгъэпэщакIуэхэм я мурад нэхъыщхьэр. Илъэс 16 льандэрэ ар иregъэкIуэкI Профсоюзхэм я гуманитар университетыр Санкт-Петербург дэтым.

ИДЖЫРей зэпеуэм хэтащ мы гъэм курыт школхэр къэзыух пщащэ мини 3-м щигъу. Абы и иужьрей зэхьыхьэм нэсащ Урысей Федерацэм, Украинэм, Къзэхъстаным щыщ ныбжьыщIэ 18. ИпэкIэ зэи хъэмыхьуауэ, зэпеуэм и иужьрей Iыхьэм хэхущ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ хъыджэбзит! Нашлык дэт лицей №2-м и еджакIуэ, къалэм и щIалэгъуалэ советым и унафэщI, «21-нэ лIэщIыгъуэм и пашэ» урысейпсо зэхьэзэхуэм щытекIуауэ щыта Дэхъущокъуэ Каринэрэ Прохладнэ къалэм дэт лицей №3-м щеджэ, спортсменкэ икIи волонтер Дорошенкэ Полинэрэ. Ахэр хъуащ езыхэр щеджэ школхэм я мызакъуэу, щIыналъэ псом и еджакIуэ нэхъыфI.

Зэпеуэм и иужьрей Iыхьэм зэрыхэтынум пащащэхэм махуи 10-кIэ зыхуагъэхьэзыращ. Абыхэм къапщытэжащ хамэ къэралыбзэхэмкIэ, кьэфэнымкIэ, уэрэд жыIэнымкIэ, спортымкIэ, театр гъуэзджэмкIэ яIэ зэфIэкIкэрэ. Иужьрэ ахэр университетым и утыкуэхуэм кьихъащ, зызыхуагъэхьэзыра унэтIныныгъэ псори наIуэ къащIыну. Зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым хэтт щIэныгъэлI, уэрэджыкIакIуэ, спортсмен, артист, макъамэтх цIэрыIуэхэр. Мыгъэрей зэпеуэм и темэр «Дакьикьэ 80-кIэ - ЩIым и хъуреягъыр».

Ди гуапэ зэрыхъущи, «Акъыл+Дахагъэ=Студент» дунейпсо ныбжьыщIэ зэпеуэм къэзыухуар яхэхуащ Каринэрэ Полинэрэ. Ди лъахэгъу пщащэхэм иджы хуитныныгъэ яIэщ Профсоюзхэм я гуманитар университетыр Санкт-Петербург дэтым и дэтхэнэ зи факультетми пщIэнщэу щеджэну.

ПЩЫГЪУЭШ Iэсинт.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2013 гъэм мэлыжьыхьым и 8 *№199-рп*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дунейр жэщми махуэми хуабэ зэрыщыхъуам ипкъ иткIэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкIэ и министерствэм къалэн щыщIын, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ куейхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм чэнджэ етын, щыIэ хабзэм тету, 2012/2013 гъэплъыгъуэ лъэхъэнэр 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м яухыну.

2. Къару имыIэжу къэпльытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2012 гъэм щажIуэгъэуэ и 2-м кьыдигъэкIа Унафэ №596-рп-м.

3. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ кьуэдзэ Уэнаев К.-Хь. М.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащIэ
УЯНАЕВ Казым

Чувашие Республикэм и къалащхьэ Чебоксары къыщызэIуахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ уэсанIуэ, СССР-ым УФ-ни я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, Хэку зауэшхуэм хэта Кулиев Къайсын и фэеплъ пхъэбгъу.

Кулиев Къайсын и фэеплъ

ОРЕЛ къалэм пэгъунэгъуэ 1942 гъэм Кулиевыр уэрэз хьэтъэ щыхъуам, ар щагъэхъужат Чебоксары дэта госпиталым. Мис а сымаджэщыр здэщыта щIыпIэм дежщ мемориалыр щагъэувар.

ПэкIуэ кьызэIуахащ Чувашие Республикэм щэнхабзэмкIэ, лъэпкъ, архив IуэхуэмкIэ и министр Ефимов Владимрэ а хэгъэгум и Къэрал Советым и унафэщI Мешков Олегрэ.

Чувашием и Правительствэм, зэIущIэм кьрихьэлIа усакIуэхэм, тхакIуэхэм, гуаэджэм, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм я лэжьакIуэхэм щыщхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыбгъэдэкIыу фIыщIэ яхуищIащ «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ, Кашгари Мыхьмуд и цIэр зезыхьэ литературэ саугъэтым и лауреат Беппаев МутIалип.

КIУЭКIУЭ Хьэ1ншэт.

Я къулыкъухэм тегъэкIын хуейуэ зыгъэ

УФ-м и Компартым и Унафэщ Зюганов Геннадий Къурал Думэм дыгъуасэ къыщыхилъхьащ Президентым и дэIыкъуэгъу Фурсенкэ Андрейрэ егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министр Ливанов Дмитрийрэ я къулыкъуэхэм тегъэкIын хуейуэ.

Абы и щхьэусыгъуэу къыгъэлъэгъуар «щыхъухэм щIэныгъэ егъэгъуэтын Iэнатlэр зэрыкIуэщIрагъэхуарщ». Апхуэдэуи Зюгановым кьыгъуэващ егъэджэныгъэ Iэнатlэр зи нэIэм щIэт къулыкъущIэ псоми я лэжьыгъэр къэзыщытэн комиссэ Къурал Думэмрэ Федерацэмкlэ Советымрэ кьыщызэрагъэпэщыну.

Iуэхур нэхъ куу мэхъу

Хамэ къэралхэм кьикIауэ Корее Ищхьэрэм щыпсэухэм КНДР-м чэнджэщ зриташ я хэхъэмкIуэкIыну, зауэкьухъу хъужькъуэмэ, абы и зэран кьемыкIыщ щхьэкIэ.

Корее Ищхьэрэм и унафэщIхэм я псалъэхэр кьехъ а къэралым и Хьыбарегъащ1э агентство нэхъыщхьэм: «Зауэ къэхъумэ, лажьэ зимыIэ щIыхухэм ди зэран екIыну дыхуейкъым дэ икIи дунейпсо зэгухьэныгъэхэр, компаниехэр, туристхэр кьыхъодожь ди щIыналъэхэм зэрикIыжьын Iэмалхэр кьалъытэну».

США-мрэ Корее Ищхьэмрэ я дзэхэм зэгъусэу зэрызагъасэм и жэуапу КНДР-м баллистическэ ракетэ зэман гъунэгъум иутIыпщынкIэ зэрыхъунум егъэгузавэ абы и гъунэгъу къэралхэр. ЖыпIэнурамэ, Iуэхур нэхъ куу мэхъу, щыгыкIэм зэрызыхъужьыну щIыкIэр зыми ищIэркъым.

Куэдым щапхъэ яхуэхьуу щыта

Иджылызым и мызакъуэу, дунейм и щIыпIэ куэдым гущIыхьэ щапхьэхъащ Великобританием и премьер-министру ильэс куэдкIэ дежьа Тэтчер Маргарет дунейм зэрехьажар.

А къулыкъуэхъапэми езым и ужькIи цIыхубзым зэи щыхуагъэфэщакъым Великобританием. И Iуэху еплъыкIэр пхигъэкIыфу, и ныкъуэкъуэгъуэр кьыдIэзIыкIыу илъэс 11-кIэ прытащ Тэтчер а Iнатlэм. ИригъэкIуэкI политикэр зигу ирихьхэми абыкIэ мыварзыхэми пщIэшхуэ зыхуригъэщIын хуэзфIэкIащ абы, и нэщIбагъкIи «гъущIым кьыхъущIыкIа бзыльхугъэ бзыльхугъэ» фIащат.

Ильэс 87-рэ къэзыгъэщIа политик цIэрыIуэр, зи Iуэху зехьэкIэм, зи дуней тетыкIэм куэдым щапхъэ трахыу щыта бзыльхугъэ щыпкъэр мэлыжьыхьым и 17-м Лондон щыщIалъхьэнущ.



t 1945 гъэм **Иуан Хьэсэн** Совет Союзым и ЛIыхьужь цIэр кьыфIащащ.

t 1964 гъэм «КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ», «КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБР-м щIыхь зиIэ и уэхуакIуэ» щIэ пIалIэхэр ягъэшащ.

t 2010 гъэм Смоленск дек къыщхьэщхьащ Пушкэм и президентым и кхъухьлъатэр. Абы иса цIыху 96-р, Качинький Лехи, абы и щхьэгъуэри, политик, дзэ къуалыкъущIэ щIэныгъэхэри яхуту, хэкIуэдауэ щытащ.

t Яп адыгэ бзэщIэныгъэ еджагъэшхуэ **Iащхьэмахуэ Даут** къызэралъхурэ ильэси 116-рэ ирокъу.

t УФ-м щIыхь зиIэ и артистхэ **Дау Марьянэ** къыщалъхуа махуэщ.

t Къэрал, жылагъуэ лжькIуэ **Пащты Борис** и ныбжьыр ильэс 56-рэ ирокъу.

t Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и редактор нэхъыщхьэ **Гъурф Бэллэ** къыщалъхуа махуэщ.

t КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Лу Рэмэзан** и ныбжьыр ильэс 55-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэриты кIмкIэ, Налшык пшэрэ техьэ-текIуэу щыщытынущ, уэрэ машIэ яхьещынхьунущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 11, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэщ.

● АПК

КИФЩI-м щыпашэхэм хабжэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш хозяйствэ лIэужьыгъуэ псоми мы гъэм и щыщылэмрэ мазаемрэ мэкъумэшхэкIыу сомиларди 2,2-рэ и уасэ е нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ проценти 6-м нэскIэ нэхъыбэ къыщалэжьащ.

АБЫ и лъэныкъуэкIэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щыналъхэм я деж ещанэ уныпIэр щиIыгъщ.

Iэщхэкl лIэужьыгъуэ нэхъыщхьэхэмкIи республикэр КИФЩI-м щыпашищым ящыщщ. Мазитым кьуриубыдэу бы-лымыпIэ джэлъэзыну тонн мин 11-м щIигъу, гъэшу тонн мин 51,5-рэ кьалэжьащ, джэдыкIэу мелуан 21-рэ кьрахащ.

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ Iапэ.

●Ди губгъуэхэм

ТеплъафIэщ бжьыхьэсэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым гектар мин 76-м щызэрахьэ бжьыхьэсэ къэкIыгъэхэр теплъафIэщ, я щытыкIэм арэзы укъещI. Тэмэму зауэжьи папщIэ, псыIагъэр ирикъуу ягъуэт.

МЫ ЗЭМАНЫМ еужьэрэкIыу бжьыхьэсэр ягъэпшэр. Минерал щыгъэпшэру зыкъеину тонн мин 13-р яIэщ. Нобэ ирихьэлIэу а лэжьыгъэр гектар мин 35,5-м щызэфIагъэкIащ.

IэщлагъэлIхэм кьызэралыдтэмкIэ, кьэкIыгъэхэм тэмэму зауэжьи, губгъуэ лэжьыгъэхэр и чэзум ирагъэкIуэжьын щхьэкIэ, дунейм щытыкIэ къарзынэ кьахъэзэрегъэпэщ.

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ Iапэ.

●Мазитl лэжьыгъэ

Хабзэ зэрыхъуам тету

«КъБР-м и санитар-экологие щытыкIэр егъэфIэкIуэнымкIэ лэжьыпхъэхэм я Iуэхукlэ» республикэм и Правительствэм къыщта Унафэм зэрыщыубзыхуам тету, кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэ гъэкIэбзэным, зэпуэпэщ щIыным, щхьцантIагъэхэр хэсэным теухуа мазитl лэжьыгъэ мэлыжьыхьым и 1-м кьыхэдгъэхьащ.

А ПIАЛЪЭМ кьриубыдэу жылагъуэхэр зэлъытуэхьнущ, гъуэгубгъуэхэм декIуэкI мэз кусхэр ягъэкъабзэнущ, жыгъащIэхэр, щыщхэр хасэнущ, удз дахэхэр щагъэкIыну, щызэрахьэну хьэсэхэр ягъэхьэзырынущ, автомобиль гъуэгуфэр зэрагъэпэщыжынущ, фэеплъ, мемориал, зыгъэпсэхупIэ щыпIэхэр зыхуэят хуагъэзэнущ.

Мазитl лэжьыгъэр зэпэщу ирагъэкIуэкIын папщIэ, КъБР-м Щыуэпсым и хьугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм абы пыщIа Iуэхугъуэ псорэ зэуIуу кьызэрагъэпэщынущ.

КьищыкнэмыщIауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ щыналъхэхэм я санитар-экологие щытыкIэр Iуэхугъуэ Iапэ зэдай комиссэм мазищ къэс кьепщытэ икIи абы кьрикIуэм теухуа отчетыр республикэм и Правительствэм ирет.

КъБР-м Щыуэпсым и хьугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ Iапэ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къевгъэхь

«Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и кьудамэм - Федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэмкIэ управленэу КъБР-м щыIэм и Iуэхущ Iапэ псоми 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 1 льандэрэ Iэ щыщIрагъэдз 2013 гъэм и етIуанэ ильэс ныкъуэм къагъэхьыну газетхэмрэ журналхэмрэ.

Фэ нэхъ фигу ирихь къыдэкIыгъуэу Iэ зыщIэвдзэкIэ и зэманым унэм ныфхуахьынущ е ахэр пощтым и Iуэхущ Iапэхэм фыкIуэурэ къыщеIыфхьэ хъунущ. Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ зэрытрагъадзэ щIыкIэм нэхъ гупсэхуу щыгъуазэ фищIыфынущ пощт Iуэхущ Iапэм и лъэныкъуэм.

«Урысейм и пощт» ФГУП-м и кьудамэ - КъБР-м и УФПС.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Узэрымытъагъуу, Iэфl щыIэкъым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

2013 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м №28-РГ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ЩІыпІэ унафэр зегъэкІуэным и махуэр 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м эзэрыщтмрагъэкІуэкІынымкІэ къыдэгъэкІыу мурадкІэ:

1. ЩІыпІэ унафэр зегъэкІуэным и махуэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зыщыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкІуэкІынымкІэ къыдэгъэпэщакІуэ комитет къэщтэн.

2. ЩІыпІэ унафэр зегъэкІуэным и махуэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зыщыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкІуэкІынымкІэ къыдэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэр къэщтэн, мы Указым и гуэдзэным эзритым хуэдэу.

3. КъыдэгъэпэщакІуэ комитетым хуэгъэувын ЩІыпІэ унафэр зегъэкІуэным и махуэм хуэгъэзауэ эфІагъэкІынухэм я планыр зэхилъхьэу къыщтэну.

4. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын планым къыщыгъэлъэгъуа Іуэхуэр гъэзэщІынымкІэ текІуэдэну ахъшэр къызригъэпэщыну.

5. Мы Унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м кІэдигъэкІа Унафэ №28-РГ-мкІэ къыщытащ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ЩІыпІэ унафэр зегъэкІуэным и махуэм зыщыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкІуэкІынымкІэ къыдэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэр

Къуэшырокъуэ З. Къ. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр *(къыдэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІщ)*

Власов А. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм къарал къулыкъым, кадрхэм, щ1ыпІэ унафэр зегъэкІуэным я ІуэхуэхмкІэ и управленэм и унафэщІыр *(къыдэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэщ)*

АфІэуиэ А. М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм спортымрэ туризмэмкІэ и министрыр

КІэрэф М. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрыр

Кладко И. Е. - Налшык къалэ округым и щыналъ администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэр *(эгъуаІуауэ)*

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм цыхубэ хьыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр

Маслов Н. А. - «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Муниципальнэ щІыналъэхэм я совет» ассоциацэм и гъэзэщІакІуэ директорыр *(къызгъэпэщакІуэ комитетым и секретарщ, эгъуаІуауэ)*

Пэнагуэ М. А. - Тэрч муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эгъуаІуауэ)*

Темиржанов М. У. - Шэрдж муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эгъуаІуауэ)*

Фыр Р. Б. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІихабзэмкІэ и министрыр

Урысей Федерацэм и Конституцэр къызэращтэрэ илъэс 20 зэрырикъуэ гъэлъэпІэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

2013 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м №30-РГ

Урысей Федерацэм и Конституцэр къызэращтэрэ илъэс 20 зэрырикъуэ 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м зэрагъэлъапІэм къыхэкІыу:

1. Урысей Федерацэм и Конституцэр къызэращтэрэ илъэс 20 зэрырикъуэм теухуа дауэдапщэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкІуэкІынымкІэ къыдэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэр къэщтэн, мы Указым и гуэдзэным эзритым хуэдэу.

2. КъызэгъэпэщакІуэ комитетым хуэгъэувын Урысей Федерацэм и Конституцэр къызэращтэрэ илъэс 20 зэрырикъуэ теухуа дауэдапщэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкІуэкІынымкІэ лэжьыпхьэхэм я планыр зэхилъхьэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэр хэпльэн папщІэ иритыну.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м кІэдигъэкІа унафэ №30-РГ-мкІэ къыщытащ

Урысей Федерацэм и Конституцэр къызэращтэрэ илъэс 20 зэрырикъуэ теухуа дауэдапщэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкІуэкІынымкІэ къыдэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэр

Къуэшырокъуэ З. Къ. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр *(къыдэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІщ)*

Власов А. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм къарал къулыкъым, кадрхэм, щ1ыпІэ унафэр зегъэкІуэным я ІуэхуэхмкІэ и управленэм и унафэщІыр *(эгъуаІуауэ)*

Жекеев А. М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и прокурорым и яп къуэдзэр *(эгъуаІуауэ)*

Зумакулов Б. М. – ЩІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щ1ыпІэ *(эгъуаІуауэ)*

Иуан Ф. З. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмрэ къарал хуэхэІэмкІэ и комитетым и унафэщІыр *(эгъуаІуауэ)*

Канушков В. А. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щ1ыпІэ и аппаратым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм къегъэщІылІа и федеральнэ инспекторыр *(эгъуаІуауэ)*

Къарэмырзэ Б. С. - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къарал университет» профессиональнэ щІэныгъэ изхъыщхьэ щрагъэтъэ федеральнэ къарал бюджет Іуэхущ1апІэм и ректорыр *(эгъуаІуауэ)*

КъэущІысокъуэ З. Л. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и къарал-правовой управленэм и унафэщІыр *(къызгъэпэщакІуэ комитетым и секретарщ)*

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм цыхубэ хьыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр

Мусуков А. ТІ. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрыр

Семэн П. Г. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрыр

Тупикин А. Н. - Урысей Федерацэм Юстицэмкіэ и министерствэм и Управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щ1ыпІэ и унафэщІыр *(эгъуаІуауэ)*

Фыр Р. Б. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щ1ихабзэмкІэ и министрыр

Хьэбечыр М. Л. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Аппаратым и унафэщІыр *(эгъуаІуауэ)*

Чеченов Ануар тыгъэ Бебенин Сергей ирет.

Хабзэубзыху Іэнатіэхэр зэдолажьэ

● КъБР-м и Парламентым

Мы махуэхэм ди республикэм щохьэщІэ Ленинград областым и Хабзэубзыху Зэхуэсым и лІыкІуэ гуп. Мэлыжьыхьым и 8-м ахэр КъБР-м и Парламентым хэтхэм яхуэзащ.

- Нобэрей ди зэхьихьэм и пэщІэдзэр жьыкъэ къыщожьэ. Хьэщ1эхэм я пашэ, Ленинград областым и Хабзэубзыху Зэхуэсым и Унафэщ1 Бебенин Сергейрэ дэрэ куэд щІауэ дыдэрэ1ыху, - жиІащ зэІуЩІэр къыщызэІуихым, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар. - Си фІэщ мэхъу ди лэжьэкІэкІэ, Іуэху бгъэдыхьэхьэкІэ щ1ынаІытІым я парламентархэр зэхъуэжьэным мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

Чеченов Ануар тепсэлъыхьащ зи пашэ Іэнатіэм щ1ыІэ комиссэхэм я лэжьэкІэм. Абы хьэщ1эхэр щ1ыгъуазэ хуищІащ иужьрей зэманым Къэбэрдей-Балькъэрым зэрызиужьа щ1ыкІэм.

- Ди щ1ынаІъэм нэхъ зыщ1ужь унэтІынныгъэхэм ящ1ыщ туризмэмрэ мэкъумэш-промышленнэ комплексымрэ, - жиІащ Чеченов Ануар. - Пхъэщхьэмыщхьэм, гъавэхэкІым елэжьыным республикэм иужьрей зэманым гулыт-тэ хэха щ1ыхуащІ. НэгъуэщІ къэралхэм ядэлэжьэныжьмкІэ дэ куэдкІэ япэ дищащ Кавказ Ищхъэрэм и адрей хэгъуэгухэм.

КъБР-м и Хабзэубзыху Іэнатіэр къызэрызэрагъэпэщ1рэ илъэс 75-рэ зэрыриІэр къум теухуауэ бжьыхьэ дызыхуэкІуэм ди республикэм щрагъэкІуэкІыну гуфІэгъуэ зэхъуэхьэхэм хэтыну Санкт-Петербург къикІа парламентархэр абы къриІэбэлэщ1.

- Си гуапэ хъуащ, - жиІащ Ленинград областым и Хабзэубзыху Зэхуэсым и Унафэщ1 Бебенин Сергей, - Чеченов Ануар я пашэу, Къэбэрдей-Балькъэрым и парламентар гуп нэгъабэ Ленинград областым зэрыщ1ар. Иджы дэ дыкъэкІуащ, республикэм зэрызиужьым, абы иц1ыхуэхэм я псэукІэм, анхуэдэуи Парламентыр зэрылажьэм щ1ыгъуазэ зыхуэтщІын мурад диІэу. Мы зэманым УФ-м и щІыналъэ 11-м дапшІащ. Гу зэрыльыстамкІэ, лъэпощхьэпо, гугъуехь зэхуэмыдэхэм псори диІуэуэ. Абы къыхэкІыу, дяпэкІэ нэхъыбэрэ дызэдэлэжьэным псоми ди сэбэп хэлъщ.

КъБР-м и Парламентым ЩІалэзгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм ядэлэжьэныжьмкІэ и комитетым и унафэщІ Хьэщхъуэжь Татьянэ хьэщІэхэр щ1ыгъуазэ хуищІащ республикэм и хабзэубзыху Іэнатіэм и тхьдэм, и кьелІуэкІыкІам щ1ыщ напэкІуэцІхэм, комитетхэмрэ комиссэхэмра я лэжьэкІэм, абыхэм яг1ьэзащІэ кьалэнхэмра дяпэкІэ къапэщ1ылъхэмра, нэгъуэщІхэми.

ЗэІуЩІэм и кІэухым КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар, езыр зи пашэ Іэнатіэм къыбгъэдэкІыу, бгы лъагэхэр къыщыгъэлъэгъуа сурэтышхуэхэр щ1ыхьх тхьылъэр къэкІуэхэм яритащ, Ленинград областым и Хабзэубзыху Зэхуэсым и Унафэщ1ым дыщэ сыхьэт тыгъэ хуищІащ.

ХьэщІэхэми «щ1ыхуэ къызытранакъым»: Бебенин Сергей Санкт-Петербург къыхэкІыу сурэт дахэ, тыгъэ цІыкІуэхэр зыдэлъ, тхылъ щ1ыкІэу щІа, зэкІуэщІыпхэзэпкъэрыплъхьэ хъу пхъуантэ тельыджэ, Ленинград областыр къыщ1ынэхуа махуэм щегъэжьауэ ди нобэм къыс и тхыдэр зэрыт тхылъ Къэбэрдей-Балькъэрым и Парламентым яритащ, абы и Тхьэмадэм сыхьэт гъэщІэрэщІа лъапІэкІэ егуэпащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Ленинград областым и Хабзэубзыху Зэхуэсым и лІыкІуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и депутатхэмрэ зэгъусэу мэлажьэ.

Нарткъалэ къыщызэІуахынущ диализ центр

● Узыншагъэ

КъБР-м узыншагъэр хьумэнымрэ курортхэмкІэ и министр Шэт Ирмэрэ Кавказ Ищхъэрэ нефрологие центрым и унафэщІ Ханукаев Михаилрэ иджыблагъэ щызэхуэзам тепсэлъыхьащ Нарткъалэ къыщызэІуахыну диализ центрым и ухуэныгъэхэр зэрекІуэкІым. А зэІущІэм хэтащ центрым и дохутыр нэхъыщхьэ Хьэтщыкъуэ Анзорэрэ «Иджырей медицинэ технологиехэр» Іуэхущ1апІэм и къызэгъэпэщакІуэ Шэрхъ Мухьэмэдрэ.

ХьэТЩЫКЪУЭ Анзор кьэзэрыджиІамкІэ, гемодиализ хуэныкъуэу, нэгъуэщІу жыпІэмэ, я лъыр Іэмал имыІэу гъэкъэбзэн хуейуэ республикэм ису щ1ыхуи 168-рэ къыхэтхыкІауэ щ1ыЗщ. Мы зэманым зи жьэжьейр зэуэ сымаджэхэм гемодиализыр щрагъэкІуэ щ1ыналъитІым я парламентархэр зэхъуэжьэным мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

Чеченов Ануар тепсэлъыхьащ зи пашэ Іэнатіэм щ1ыІэ комиссэхэм я лэжьэкІэм. Абы хьэщ1эхэр щ1ыгъуазэ хуищІащ иужьрей зэманым Къэбэрдей-Балькъэрым зэрызиужьа щ1ыкІэм.

- Ди щ1ынаІъэм нэхъ зыщ1ужь унэтІынныгъэхэм ящ1ыщ туризмэмрэ мэкъумэш-промышленнэ комплексымрэ, - жиІащ Чеченов Ануар. - Пхъэщхьэмыщхьэм, гъавэхэкІым елэжьыным республикэм иужьрей зэманым гулыт-тэ хэха щ1ыхуащІ. НэгъуэщІ къэралхэм ядэлэжьэныжьмкІэ дэ куэдкІэ япэ дищащ Кавказ Ищхъэрэм и адрей хэгъуэгухэм.

КъБР-м и Хабзэубзыху Іэнатіэр къызэрызэрагъэпэщ1рэ илъэс 75-рэ зэрыриІэр къум теухуауэ бжьыхьэ дызыхуэкІуэм ди республикэм щрагъэкІуэкІыну гуфІэгъуэ зэхъуэхьэхэм хэтыну Санкт-Петербург къикІа парламентархэр абы къриІэбэлэщ1.

- Си гуапэ хъуащ, - жиІащ Ленинград областым и Хабзэубзыху Зэхуэсым и Унафэщ1 Бебенин Сергей, - Чеченов Ануар я пашэу, Къэбэрдей-Балькъэрым и парламентар гуп нэгъабэ Ленинград областым зэрыщ1ар. Иджы дэ дыкъэкІуащ, республикэм зэрызиужьым, абы иц1ыхуэхэм я псэукІэм, анхуэдэуи Парламентыр зэрылажьэм щ1ыгъуазэ зыхуэтщІын мурад диІэу. Мы зэманым УФ-м и щІыналъэ 11-м дапшІащ. Гу зэрыльыстамкІэ, лъэпощхьэпо, гугъуехь зэхуэмыдэхэм псори диІуэуэ. Абы къыхэкІыу, дяпэкІэ нэхъыбэрэ дызэдэлэжьэным псоми ди сэбэп хэлъщ.

КъБР-м и Парламентым ЩІалэзгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм ядэлэжьэныжьмкІэ и комитетым и унафэщІ Хьэщхъуэжь Татьянэ хьэщІэхэр щ1ыгъуазэ хуищІащ республикэм и хабзэубзыху Іэнатіэм и тхьдэм, и кьелІуэкІыкІам щ1ыщ напэкІуэцІхэм, комитетхэмрэ комиссэхэмра я лэжьэкІэм, абыхэм яг1ьэзащІэ кьалэнхэмра дяпэкІэ къапэщ1ылъхэмра, нэгъуэщІхэми.

ЗэІущІэм и кІэухым КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар, езыр зи пашэ Іэнатіэм къыбгъэдэкІыу, бгы лъагэхэр къыщыгъэлъэгъуа сурэтышхуэхэр щ1ыхьх тхьылъэр къэкІуэхэм яритащ, Ленинград областым и Хабзэубзыху Зэхуэсым и Унафэщ1ым дыщэ сыхьэт тыгъэ хуищІащ.

ХьэщІэхэми «щ1ыхуэ къызытранакъым»: Бебенин Сергей Санкт-Петербург къыхэкІыу сурэт дахэ, тыгъэ цІыкІуэхэр зыдэлъ, тхылъ щ1ыкІэу щІа, зэкІуэщІыпхэзэпкъэрыплъхьэ хъу пхъуантэ тельыджэ, Ленинград областыр къыщ1ынэхуа махуэм щегъэжьауэ ди нобэм къыс и тхыдэр зэрыт тхылъ Къэбэрдей-Балькъэрым и Парламентым яритащ, абы и Тхьэмадэм сыхьэт гъэщІэрэщІа лъапІэкІэ егуэпащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Сыткіи къыззгъэпэщауэ

● Лэскэн щ1ыналъэ

КъБР-м и Лэскэн щ1ыналъэм хьыхь Анзорей кьуажэм къыщызэІуахащ щ1ыналъэм и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэзэу кьызэрагъэпэщыжа мафІэс часть №14-м и хэщапІэр.

ЗэІущІэм кьрихьэлащ КъБР-м Правительствэм и Унафэщ1ым и яп къуэдзэ, кьызэрымыкІу щ1ытыкІэхэм защ1ихуэмынмрэ апхуэдэхэм я лъэужьхэр гъэкІуэдыжьынымкІэ, мафІэс щ1ынагъэншагъэр кьызэгъэпэщ1ынымкІэ комиссэм и Іэтащхьэ **Уянаев Казым,** УФ-м и МЧС-м и Управленэу КъБР-м щ1ыпІэм и тхьэмадэ **Шагин Сергей,** КъБР-м МафІэсым пэщІэтынымкІэ и кьэралІуэхущ1апІэм и унафэщІ **Борэн МуІэд,** Лэскэн куей администрацэм и Іэтащхьэ **Кебеков Валерэ,** Анзорей кьуажэ администрацэм и унафэщІ **Къажэр Светланэ,** мафІэсым щ1ыщкъуэмэныкІэ район Іуэхущ1апІэм и ветеранхэр. Абыхэм ууэныгъэр гунэс ящ1ыхуащ, мафІэсым пэщІэтхэм я кьалэн мытыншым екъулІэныгъэхэр щ1ызыІэрагъэхьэмэ, зэрагуапэр часть №14-м и лэжьакІуэ гупым жраІащ.

Яг1ьэлъэпІаэхэри щ1ыІащ а махуэм. Илъэс куэд щІауэ я кьалэныр хьэлэлу зэрыраихьэкІым, КъБР-м и Лэскэн куейм мафІэс щ1ынагъэншагъэр къщ1ызэгъэпэщ1ынымкІэ хэльхьныгъэшхуэ зэрыхуащІам, мафІэс депом и унэр къгъэщІэрэщІэжьынымкІэ ящ1ыджэру зэрыхэтам папщІэ мафІэсгъэункІыфІ часть №14-м и лэжьакІуэ 11-м щ1ыхь тхылъхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ ираташ.

Кьыхэгъэщ1ипхъэщ мафІэс депом и унэр лІэщ1ыгъуэ ныкъуэ и гъэпэ зэрахуэар икІи иджырей мардэм кьемызэгъ1ыжу зэрыщ1тар. Къищ1ынэмыщІауэ, лэжьакІуэ пэщхэр зэрахуримыкъум, махуэ кьэс зыхуейхэмкІэ кьызэрызэмыгъэпэщам я гупым гуГъу кьащищ1ырт кьапэщ1т кьалэнхэр зэфІэхьныр.

Нобэр кьызэдэсым мы частым и закъуэт щеджэ-зыщагъаСэ чэщанэ зимылар. Иджы ар яГъэзэкІуэжащ: лэскэн мафІэсгъэункІыфІхэр я Іэщ1агъэм нэхьрн хуэІэзэ хуэхуэм и мызакъуэу, мафІэс-прикладной спортымкІэ республикэ зэхьэзэхуэхэм нэсу зыхуагъэхьэзырыну Іэмал я1щ абыхэм. Щэч кьыщ1ытепхьэн щ1ы1экъым абыхэм я кьалэн мытыншыр - Лэскэн куейм щ1ыпсэуэхэр мафІэсым щ1ыхьэмныр - щ1ыхь пылъу г1ъэззщ1эным зэрыпащэхьэм.

СЭБАН Арсен,

КъБР-м МафІэсым ебэныныкІэ и къэрал Іэнатіэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

КъБР-р и гъунэгъуэхэм къакІэрыхуркъым

Рознищэ сатум щаща псоми щ1ыщу ерыскъыпхъэхэр, псы, тутын зэмылІэужьыгъуэхэр я уасэкІэ процент 47,6-рэ, ерыскъыпхъэхэм хэмылъэ хьэпшыпхэр процент 52,4-рэ мэхъу.

2013 гъэм и яп мазитІым, ерыскъыпхъэ, псы зэмылІэужьыгъуэу, тутыну цІыхухэм сом меларди 5-рэ мелуан 798,5-рэ и уасэ, ерыскъыпхъэхэм химыльдэ хьэпшыпу сом меларди 6-рэ мелуан 381,6-рэ и уасэ иращащ.

ПщІэкІэ зэфІагъэкІ Іуэхутхьэбзэу цІыхухэм щ1ышыпэ - мазае мазэхэм сом меларди 3-рэ мелуан 52,9-рэ хуащІащ. Абы и лъэныкъуэкІэ дяпэ ятащ Ставрополь крайр, Дагъыстэн Республикэр, Осетие Ищхъэрэ-Аланиер.

Блэкіа илъэсым и дыгъэгъазэ мазэм ежьащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щэхуакІуэ уасэхэр проценти 101,5-м щ1ынэсащ. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм 2013 гъэм и щ1ышыпэ - мазае мазэхэм псэупІэ метр зэбгъуэзнатІэ мин 11,2-рэ хьэзыр щ1ыхуащ.

«Хуэныгъэ» лэжьыгъэ лІэужьыгъуэм хиубыдэу ильэсым и яп мазитІым сом меларди 428,8-рэ, зы щ1ыхум тещ1ыхьауэ сом 498,7-рэ, и уасэ зэфІагъэкІащ. А зэман дыдэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и розницэ сатур сом мелард 12-рэ мелуани 180-м щІигъащ. Абы и лъэныкъуэкІэ нэхьыбэ хуэзэфІэкІащ Ставрополь крайм (сом мелард 60-рэ мелуан 837,6-рэ), Дагъыстэн Республикэм (сом мелард 47-рэ мелуан 880-рэ). Зы щ1ыхум тещ1ыхьауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм розницэ сатумкІэ и Іэнатіэм хьэпшыпу, ерыскъыпхъэу сом мин 14166,2-рэ и уасэ щащащ.

Министрыр яхуогузавэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министр Фырэ Руслан щ1ыгъуэ телеграммэ хуигъэхьащ Абхъаз Республикэм щэнхабзэмкІэ и министр Гунбэ Бадрэ. Щэнхабзэмрэ я гъэзджэнрэ я лэжьакІуэхэм кьабгъэдэкІыу ар лъэпкъым хуогузавэ Абхъаз Республикэм и цІыхубэ артист Лагвилавэ Олегрэ Абхъазми Осетие Ищхъэрэ-Алание республикэми я цІыхубэ артист Камки Нурбейрэ дунейм зэрехьажьа къыхэкІыу.

Актер гъуэзджэхэм Чанбэ Самсон и цІэр зезыхьэ Абхъаз къарал драмэ театрым щагъэззэщІа ролхэр дыщэ гъэтІылъыгъэхэм щ1ыщ хуауэ кьалытэ. Абы-жэм кинематографиеми лъэужь дахэ кьыщагъэнащ.

«Ёзыхэри абыхэм Абхъазым и щэнхабзэм хуащІа хэльхьэныгъэри ди гум илъынщ, щ1ыблэми ящ1ыгупщэнкъым», - ирищ телеграммэм.

ГЕРАСИМОВЭ Риммэ.

Центрыр зыгъэхьэзыр лэжьакІуэхэр.

●Жыжьэ - гъунэгъу

Тэрч щIналъэр зи Iэмыщ1э илъэ

ИЛЪЭС 42-кIэ уэлIэбэ-кIыжмэ, къэхъуа Iуэхущ зи гугъу фхуэсщIынур. Цыхху дыщэ Сэхъу Къэрэщей Къэбулат и къуэ Тэрч фонкIэ къэпсалъэри, и деж сыщIыхьэну къэжиIащ. А зэманым ар «Ленин гъэзугм» и редактор нэхъыщхьэу иI жьэрт, сэ сыздэщыщу «Кабардино-Балкарская правда» газетырт. Щ1эх дыдэу сыдэкIуекIащ ар щыгъуэм къатым. И сэлам хьнри и псальэри зы ищIри абы жиIащ:

- Уи псальэр си деж кIэ унафэщ, - жысIащ сэ.

Къэрэщей си Iуэху къызэхъулIэну къызэхъуэхъури, гъэгу сытехащ...

Районым Щэнхабзэмкlэ и унэм, гуфIэгъуэ щекIуэкIынум, журналистхэр дыщыIэтхьам, бжэм ета Iуэкlыбзэ къбым «дыкъитIэлъеижащ». Тlэкlуи дыкъэуIэбжьауэ, ди жагъуэ хэуарри хэлъу дыкъыIуекIыжри, партым и райкомым деклуэрIащ. Абы къыщыдгурагъэIуащ юбиляйр зэрыгучъыдэмыжым къыхэкIыну, зэхьхьэр ягъэIэпхъуэн хуей зэрыхьэр. Арати, си лэжьагъуэхэр мэкъумэш Iэнатlэхэм я Iуэху зытет къащIащIу зэбгрыкIащ, хъыбарыншэу лэжьапIэм бгъэзэжьи къэзыгъэзэжащ. Нэхъыжьыбгъэ зыкъыIуIащ. Тlэгъэчыныжьу сыщIэлъэIуэ ноужь, къызэхуIащ, ди гухэлъыр, Райкомым и лэжьакIуэ щIалэщIэ Мэчрэ1ил Фlэщмыхьэ Нэ1ибхэ я унэ сишащ. Кулбжэр къыгъуIуащ цыхухэз мытIорыкуэ зэкIужьым. Фlэхъус ирихри, Мэчрэ1ил абы еупщIащ: «Любэ, уи адэм дыIуцIэмэ, гугъу едмыгъэхьыну пIэрэ?» «Хьэуэ, хьэуэ, фымыгузаез, нобэ нэхъыфIщ ар. Фыкъыдыхьэ, уеблэмэ къыфIщыгуфIыкIыпэнчу ди адар», - жиIуап къытащI цыхухбзым.

Зэрыхабзэщи, хьэщIэр сэрати, япэу сыщIыхьащ унэм. Нэ1ибэ пIэкум ист, гу зэрыльыстамкlи нэжэгужат. «Сэлам Алейкум, тхьэмадэ!» - зыхуэзгъэзащ абы. «Алейкум сэлам. СыпэпIэтIэ-къым нобэ мыпхуэдэ щIалэ-щIэхэр си хьэщIэну», - жаиу жэуап къытIыжащ Нэ1ибэ.

Зэ епIыгъуэщ, зэрыжьхуэIам хуэдэу сымаджафэ теттэкъым абы, уеблэмэ зэрынэкIущхьэплъым узынщэ дыдэу гурыщIэхуу уигъэщIыпт.

«Сыт, щIалэ, фыкъэзгъэщIэрэ сызэрысымаджэр пэжу зэхэсIэжкIыну райкомым укьигъэкIуа? Абы щыгъуэми щыхьэт техъуэн пщIы-гъу...» - гушыIэу зыхуэгъэзащ Нэ1ибэ и къуэм.

«Хьэуэ, ди нэхъыжь лъапIэ! Мы къыпхуеблэгъар Налшык къалэ къикIа журналистщ, уигъэзыгъэну зэрыкIуаУэ араш», - жиIащ щIалэщIэм. А дакъикъэр къэзгъэсэбэлри, сэри зыкъызэгъэщIыхьащ. Фlэщмыхьэхэр я нэхъыжьмэ. «Са си щIэр Азрэтщ, уи деж сыкъэзыгъэкIуар Сэхъу Къэрэщейщ, унафэ къыскIуищащ гъэшIэгъэ хупщафIэ уэ тпэрыуэз згъэхьэзырыну», - жыIэ1э.

А псальэхэм ижжь, Нэ1ибэ гуапэу къыпыгуфIыкIри, жиIащ: «Къэрэщей щхьэусыгъэншэу си деж щIыхь кIэ-гъэкIэунукъым...»

Япэу гу зылъыстахэм ящыщIэ Нэ1ибэ сэлам щесхьи къыскъуишиа и Iэ лэрыгъуэхэм къару къызэрымыгуфIэ зэрыщIэлъыр. ИкIи сегупсысат абы дляIэкIи и хъыбарыфIэ зэрызэхьидгъэхьынум.

Пэжыр жысIэнщи, сроплагъ а щIыхь угъуфIри абы щыгъуэм къызэрыщIыхьуам. Ди зэпсэльэныгъэм и ужькIэ стхауэ щытащ «Къэрэхьэлъкъым и къуэ» очеркыр. Сызыщыгуфlыкlэм ящыщIу абы щыгъуэм, илъэс 42-рэ и пэкIэ, Тэрч сыкъыщынэу, махуэ зыгъэкIэ ветераным и унэм сызэрыщIэм абы и щIэр тригъэчныныхьат). Сэ сфIэгъэщIэгъэну сыщIдэIуат нэхъыжьым и гукъэкIыжхэм (гугъуми, лIыхъужьыгъэ защIэкIэ гъэнщIат абы и гъащIэр зэрыщытну), нэхъыщхьэрати, хуэд щIауэ сызэгупсыс «Сыт а дадар Тэрч щIым и тепщэу щIабжьыр?» упщIам и жэуапыр къысIэрыхьат.

... Хуэд щIащ абы лъандэрэ. Къудамэ зихъэжащ, мыхьэнэ зиIэ къэхъугъэ Iэдж тщыгъупщащ. ДызэрысыдэкIуекIар щIыпIэ ятIонэрэ къатым. И сэлам хьнри и псальэри зы ищIри абы жиIащ:

- Си ныбжьыгъуфI, ди Iуэху зытетыр мыращ: Тэрч къалэм пщэдей щагъэлъэпIэнущ. Джылахъэтэнейм я нэхъыжьхэ Фlэщмыхьэу Нэ1ибэ Умар и къуэм и ныбжьыр илъэси 100 зэрырикъур. Абы уэ укIуэмэ нэхъыфIу къызолъытэ, лъэпкъ хабзэхэр фIыуэ зэрыпщIэм къэхэкIкIэ. Абыкlэ сэ сыгурыIуэнщи уи редактор нэхъыщхьэ Черемисиным.

- Уи псальэр си деж кIэ унафэщ, - жысIащ сэ.

Къэрэщей си Iуэху къызэхъулIэну къызэхъуэхъури, гъэгу сытехащ...

Районым Щэнхабзэмкlэ и унэм, гуфIэгъуэ щекIуэкIынум, журналистхэр дыщыIэтхьам, бжэм ета Iуэкlыбзэ къбым «дыкъитIэлъеижащ». Тlэкlуи дыкъэуIэбжьауэ, ди жагъуэ хэуарри хэлъу дыкъыIуекIыжри, партым и райкомым деклуэрIащ. Абы къыщыдгурагъэIуащ юбиляйр зэрыгучъыдэмыжым къыхэкIыну, зэхьхьэр ягъэIэпхъуэн хуей зэрыхьэр. Арати, си лэжьагъуэхэр мэкъумэш Iэнатlэхэм я Iуэху зытет къащIащIу зэбгрыкIащ, хъыбарыншэу лэжьапIэм бгъэзэжи къэзыгъэзэжащ. Нэхъыжьыбгъэ зыкъыIуIащ. Тlэгъэчыныжьу сыщIэлъэIуэ ноужь, къызэхуIащ, ди гухэлъыр, Райкомым и лэжьакIуэ щIалэщIэ Мэчрэ1ил Фlэщмыхьэ Нэ1ибхэ я унэ сишащ. Кулбжэр къыгъуIуащ цыхухэз мытIорыкуэ зэкIужьым. Фlэхъус ирихри, Мэчрэ1ил абы еупщIащ: «Любэ, уи адэм дыIуцIэмэ, гугъу едмыгъэхьыну пIэрэ?» «Хьэуэ, хьэуэ, фымыгузаез, нобэ нэхъыфIщ ар. Фыкъыдыхьэ, уеблэмэ къыфIщыгуфIыкIыпэнчу ди адар», - жиуап къытащI цыхухбзым.

Зэрыхабзэщи, хьэщIэр сэрати, япэу сыщIыхьащ унэм. Нэ1ибэ пIэкум ист, гу зэрыльыстамкlи нэжэгужат. «Сэлам Алейкум, тхьэмадэ!» - зыхуэзгъэзащ абы. «Алейкум сэлам. СыпэпIэтIэ-къым нобэ мыпхуэдэ щIалэ-щIэхэр си хьэщIэну», - жаиу жэуап къытIыжащ Нэ1ибэ.

